

Nouvo Jerizalèm

Legliz yo atravè lemond

Pastè Tony Alamo

Nasyon kreyen Alamo a

Volim 06000



Pastè Tony Alamo - photo 1986

Bondye pale ankò ak pwofèt la, li di: "pwofetize sou zo sa yo, epi di yo: nou menm zosman ki fin chèch, koute sa Seyè a di: konsa Seyè a di ak zo yo; Men mwen, mwen pral fè yon van soufle antre nan nou, epi n'ap gen lavi.<sup>3</sup>

Pèp Izrayèl la te konnen li te konplètman disparèt kòm nasyon.<sup>4</sup> Jounen jodi a yo reyèlman divize. Men, Bondye te di Ezekyèl li ka fè yon lòt nasyon ki pi gwo pase premye pèp Izrayèl la, ki pa t' vle sispann fè peche. Dezyèm pèp Izrayèl la ta dwe gen yon moun ki sòti nan tout nasyon nan mond la,<sup>5</sup> yon ti rès nan moun Bondye chwazi se jwif ak yon foul moun nan moun lòt nasyon ki atache nan Vrè pye rezen an (Kris la).<sup>6</sup> Li pral yon gwo, nasyon sen ki apa pou Sèyè a ak moun sa yo ki leve soti vivan nan lanmò, sa yo ki te mouri nan peche e ki jwenn lavi etenèl.<sup>7</sup> Yo p'ap janm divize ak Bondye ankò. Sa

## TEMWAYAJ TONY ALAMO

### Zosman ki fin sèch

Pa  
Tony Alamo

Pwofèt Ansyen Testaman an, Ezekyèl, te resevwa yon vizyon nan men Bondye. Li te wè yon ravin fon ranpli ak zosman ki fin chèch, ki reprezante lanmò espirityèl pèp Izrayèl la ak mond la. Vizyon an te predi premye retou Kris la, nan preche levanjil la, ak rezulta, rezireksyon an premye, leve soti vivan nan lanmò, pou gen lavi ki p'ap janm fini an ak tout moun ki kwè "sa a, se pawòl Seyè a."<sup>1</sup>

Bondye di Ezekyèl, "pitit lòm nan! Èske ou kwè zo sa yo ka viv anko?" (Èske Moun sa yo ki te mouri espirityèlman kapab viv?) Ezekyèl te di, "Seyè, se ou ki te fè yo, ou ki konnen."<sup>2</sup>

a se te premye rezireksyon ki te fèt ak pouvwa rezireksyon Mesi a a ki te leve soti vivan nan lanmò.<sup>8</sup>

Nan lane 1964, anvan premye rezireksyon m' pa mwayen Kris la, mwen menm, Bernie Hoffman, konnen tou sou non Tony Alamo, se te byen konnen nan fè peche ak mechanste e mwen pa t' gen okenn konesans sou anyen nan pawòl Bondye. Mwen pa te gen okenn lide Bondye egziste. Pou mwen Pawòl Bondye se te yon fab ak mistè, mit, epi mwen pa t' kapab konprann kijan moun te kapab di yo kwè nan Bondye oswa nan Pitit Gason li a. Mwen pa t' kapab kwè moun sa yo menm ki te di yo mete konfyans yo nan Bondye, paske yo se yon bann ipokrit. Yo fè peche menm jan avè m, oswa plis pase m'. Mwen konnen paske mwen konn itilize yo, kouri toupatou avèk yo. Nou tout se yon pakèt moun mouri, zosman ki

fin chèch. Mwen konn an kòlè lè yon moun eseye pou fè m konvèti nan Krisyanis, paske pou mwen Bib la se te pèdi tan. Lavi m te viv la m ' pa t' gen tan pou jwèt oswa fè istwa.

Nan endistri piblisite a mwen te konsidere m tankou nimewo (#) 1. Mwen te responsab siksè karyè anpil chantè ki popilè ak anpil aktè nan mond la, mwen te fè tou bon pwo-mosyon anpil pwodwi moun konnen epi nou sèvi ak yo lakay nou. Pi move rèv mwen Lè sa a, se te moman m ' te dwe konvèti epi distribiye bilten bon nouvèl Jezi a nan tout kwen lari, epi viv nan misyon nan kèk katye, pou anonse bon nouvèl la, epi òganize liy pou bay manje ak moun ki ap mouri grangou.

Nan mitan lane 60-mond la pa t' gen tèlman bon sans pou mwen. Mwen pa t' renmen dwòg ni moun (Kontinye nan paj 2 a)

<sup>1</sup> Ezekyèl. 36:1-4, <sup>2</sup> Ezekyèl. 37:3, orig. Ebre. <sup>3</sup> Ezekyèl. 37:4-5, orig. Lang Aram, <sup>4</sup> Ezekyèl.37:11, <sup>5</sup> Jenèz 17:4-16, 22:18, 26:4, 46:3, 48:19, 49:10, Ekszòd. 19:6, 32:10, Sòm. 22:27-Ezay. 2:2 Jan 11:51-52, Travay 10:34-35, Efez. 1:10, Heb. 8:8-12, 1 Pyè. 2:9-10, Rev. 5:9, 14:6 ak anpil lòt, <sup>6</sup> Jan 15:1, Rom. 11:17, 19, 23, 24, Rev. 7:4, <sup>7</sup> 1 Pyè. 2:9, <sup>8</sup> Rom. 15:12, 1 Kor. 15:15, 16, Kolos 2:12, 3:1, 1 Tes. 4:16, Rev. 20:5-6,

## TEMWAYAJ TONY ALAMO

(Kontinite nan rès paj la 1)

ki sal ak fè malpwòprete. Epi, mwen te rayi mouvman ipi ki te fèt pa Hollywood, Sunset Strip, ak mond la. Mwen menm, mwen pa t ' yon sen. Mwen pa t ' reyèlman sousye ak peche moun ki lwen te konnen fè, osi lontan yo pa t ' fè etalaj devan fanmi ki gen timoun. Pou mwen lemond te fini, mouri, sèk, ensipòtab, epi dezole.<sup>9</sup> Vrèman pa gen anyen ki te gen valè ankò. Mwen kwè lòt moun nan mond lan te konnen byen jan m ' t ' ap fè l' la, yo te pran dwòg pou eseye blyie reyalite a. Legliz yo te ipokrit! tout moun te sanble yo konnen li tou. Lemonn antye te mouri nan peche ak touman li yo.<sup>10</sup> Mond lan se te yon gwo ravin zosman ki fin chèch, tankou menm sa Ezekiel te wè a.<sup>11</sup>

Mwen te rankontre Jezi nan yon biwo Beverly Hills yon fason trè Sipènatirèl. Pa gen moun ki ka imajine kijan m te pè anpil epi kijan kè m te kontan lè Bondye te pwouve m' Li menm ak Pitit Gason li a vrèman egziste. Mwen te kontan fè eksperyans ak meveye Sentespri li, epi tandem pisan vwa li nan chak pati nan kò mwen, tankou si m' te yon filtè, kote pawòl sa yo pase nan tout mwen menm devan tankou dèyè. Prezans li te bèl, mayifik epi cho. Lespri li te kenbe mwen nan men li tankou gwo pouvwa Bondye. Apre sa, pawòl li te di m ' "Kanpe sou de pye ou epi pale ak pèp ki nan sal sa a sou Jezikri,

Seyè a di yo, Li pral retounen, oswa w ' ap reyèlman mouri." Lè pouvwa Lespri li a te antre nan biwo a ak tout fòs desann sou mwen, mwen te pran konsyans inefab, entelijans li enkyetayab.<sup>12</sup> Li te chak atòm ak molekil. Li te è (nou respire). Li te konnen tout bagay ki te pase ak tout sa ki ta pral rive nan lavni.<sup>13</sup> Mwen te wont paske mwen te konnen Li te konnen tout sa m ' te fè. Lè sa a, Li te montre m ' Syèl la ak lanfè a definitivman egziste. Mwen te konnen mwen ta dwe ale ladann, si m' pa fè sa li te di... epi se pa t ' syèl la.

Malgre li te ekstrèmeman tèrib pou mwen,<sup>14</sup> se te tou yon mèvey pou konnen Bondye reyèl epi vivan ak tout bagay pwofèt ak apòt yo di li te ye. Li pa t ' janm chanje depi jou Li te kreye syèl la ak tè a, ak tout sa ki ladann.<sup>15</sup> Mwen te konnen imedyatman mwen ta toujou gen krentif pou li, admire, respè, lanmou, ak sèvi l'. Mwen te konnen mwen ta dwe plis disponib pou viv, pèsekite, epi mouri pou li, m ' a fè l' ak kè kontan, ak tout jwa.<sup>16</sup>

Apre Bondye kite m ' ale nan biwo sa a, mwen te kòmanse mande l', "Kisa ou vle m ' fè? Mwen ap fè tout sa ou di. "Mwen pa t ' resevwa okenn repons, se konsa mwen panse Li te vle pou m ' ale legliz. Mwen te panse sa ki pi gwo a se te pi bon; Se konsa, mwen te ale la, epi mwen pa t ' jwenn li. Lè sa a, mwen te ale nan lòt legliz yo, men li pa t ' la nonplis. Apre sa, mwen te li liv ki kouvri ak foto mesye ki sanble gen bon konprann ak sèvi Bondye byen, ak bab long ak gwo rad reliye sou li, men mwen te konnen liv yo te mal paske yo te di Bondye pa t ' fè moun pè,<sup>17</sup> paske Bondye pa

menase moun , epi ou ka fè peche san ou pa ale nan lanfè.<sup>18</sup> Mwen pa t ' enkyete sou yon Bondye konsa; Mwen te enkyete pou jwenn, Bondye, ki ka menase m nan,<sup>19</sup> Bondye ki te montre m ' Syèl la ak lanfè a, Bondye ki te fè m ' fè yon bagay okenn lòt moun pa ta kapab fè m' fè, yon bagay mwen pa t ' janm te vle fè.

Mwen pa t ' janm panse verite a te ka jwenn li nan Bib la paske te gen anpil Bib nan yo toupatou. Mwen te santi sa nenpòt publik la an jeneral te ale se pou li pa ta ka entelijan, epi m ' te kwè tout moun te estipid. Mwen te finalman kòmanse li Bib la epi jwenn plan Sali a nan li epi enstriksyon pou lavi ki p'ap janm fini an ki di kòman ou ka grandi nan Kris la ak espirityèlman vin yon gwo nanm-sove pou li.<sup>20</sup>

Lè m ' te fèk kòmanse li Bib la, mwen te santi pouvwa Bondye menm jan lè li te peze mwen lè m ' te santi li nan biwo Beverly Hills la. Lè sa a, Bondye fè m ' wè lòt vizyon sou syèl la ak Lanfe.<sup>21</sup> mwen te rele nan pye Bondye, "Mèt, pa voye m ' nan Lanfè!" Lè sa a, mwen te wè syèl la epi m te santi lapè syèl la.<sup>22</sup> Malgre mwen te espirityèlman avèg, toutouni, epi piti, mwen te di, Bondye mwen ta dispoze rete avèg, toutouni, epi ensiyifyan si mwen te kapab santi kè poze syèl la bay la pou tout tan. Mwen te wè lanfè yon fwa plis epi m pran rele ankò Bondye gen pitye ak padon. Lè sa a, pouvwa Papa a, Pitit la, ak Sentespri a te antre nan kò mòtèl mwen.<sup>23</sup> pa mwayen konfyans mwen nan Jezi ak san li ki te koule pou mwen, epi pou jan mwen gen konfyans nan pawòl Bondye ki te fè m' tandé ak obeyi,<sup>24</sup> Mwen te santi tout peche m te komèt

<sup>9</sup> Mat.13:39, Chapit 24, 1 Kor. 15:24, Heb. 9:26, 1 Pyè. 4:7,  
<sup>10</sup> Efez. 2:1, 5, Kolos 2:13, <sup>11</sup> Ezekyèl. 37:1,  
<sup>12</sup> Nonb. 24:16, 1 Sam. 2:3, Jòb 21:22, Sòm. 32:8, Pwov. 2:6, 3:20, 9:10, Lik 1:77, Rom. 11:33, 1 Kor. 1:25, 2:16, 3:19, 2 Kor. 4:6, <sup>13</sup> Sòm. 44:21, 94:11, Ezayi. 46:9-10, 1 Kor. 3:20, 1 Jan 3:20, Rev 21:6, 22:13, <sup>14</sup> Jenèz 35:5, LEV. 26:16, Jòb 31:23, Jer. 32:21, Ezekyèl. 32:32, 2 Kor. 5:11, <sup>15</sup> Jenèz 1:1, Mal. 3:6, Travay 4:24, 2 Kor. 5:11, Heb. 13:8, <sup>16</sup> Sòm. 5:11, 35:19, Ezayi. 51:11, 61:10, Jan 16:33, Travay 2:28, 20:24, Rom. 12:8, 15:13, 2 Kor. 8:12, <sup>17</sup> Jenèz 22:12, Sòm. 112:1, Pwo. 13:13, 14:16, 28:14, 31:30, Ekl. 7:18, <sup>18</sup> Pwo. 8:36, Ezekyèl. 18:2, 4, Rev. 19:20, 20:10, 14, 15, 21:8, <sup>19</sup> Jenèz 2:17, 6:7, 9, 13, Ekszòd. 20:5, 32:33, 34:7, Ezekyèl. 3:18, 18:20, Mat. 8:12, 22:13, Mak 16:16, Rev. 2:5, 16, 22-23, 3:3, 20:15, <sup>20</sup> Jan 4:35-36, 15:5, 8, 15-16, Rev 14:18, <sup>21</sup> Ezayi. 5:14, 14:9, Lik 16:22-31, Travay 7:55-56, Rev 4:1-11, 14:10-11, 15:1-4, 20:10, 21:2 - 5, 10-27, 22:1-5, <sup>22</sup> Rom. 5:1, Efez. 2:14, Filip. 4:7, Kolos 3:15, 1 Tes. 5:23, 2 Tes. 3:16, <sup>23</sup> LEV. 26:11-12, Jan 14:16, 2 Kor. 6:16, 1 Pyè. 2:5 1 Jan 3:24, <sup>24</sup> Hab. 2:4, Mat. 17:20, Lik 7:50, Travay 20:21, 26:18, Rom. 1:17, 3:28, 5:2, 10:17, 11:20, Gal. 2:16, 3:11, Efez. 2:8, 3:17, Heb. 10:38,



ak tout angajman m te pran yo te soti nan nanm mwen.<sup>25</sup> Mwen te santi m pwòp epi sen.<sup>26</sup> Trè bél bagay te rive m epi li te fè pou mwen pa mwayen Jezi Kris, "Sèl Bondye pèp Izrayèl la."<sup>27</sup> mwen te tèlman kontan wè m delivre anba peche epi posede nouvo pouvwa sa a ki te retire m nan fè peche, mwen te vle di lemonn antye pou yo kapab konnen l' tou epi yo ap gen lavi etènèl.

Menm apre m te antre nan ministè pou Kris la depi 1964, mwen santi mwèl espirityèl yo ankò desann soti nan syèl la antre nan tout zo m yo menm lè yo fin chèch nèt chak fwa mwen li Bib la. Pawòl Bondye te mete venn espirityèl toutotou zo sa yo menm lè yo te sèch, li te kouvri yo ak vyann ak po ki se zam espirityèl la. Chak Pawòl Bondye te asire Kris la plis nan kè m'. Mwen kapab toujou santi chak Pawòl Bondye a pou l respire souf Sentespri nan nanm mwen, ban m ' pouvwa pou m kanpe epi pare tout flèch Satan te tire sou mwen pandan ane yo. Mwen konnen totalman chak jou "pi plis nou ap

(Kontinye nan paj 8 a)

<sup>25</sup> Mak 14:24, Jan 6:53, Travay 20:28, Rom. 3:25, 5:9, Efez. 1:7, 2:13, Kolos 1:14, 20, Heb. 9:12, 14, 22, 1 Pyè. 1:18-19, Rev. 1:5, 5:9, <sup>26</sup> Heb. 10:19-22, 1 Jan 1:7, Rev. 1:5, 7:14, <sup>27</sup> Sòm 89:18, Travay 3:13-14,

## Tanzania

Chè Pastè Alamo, Pastè mwen renmen anpil la e Pastè Bondye bay la,

Gras, mizerikod ak kè poze ki soti nan Papa a ak Jezikri, Seyè nou an tonbe sou ou ak ministè ou. Mwen di Bondye mèsi, moun mwen t'ap sèvi depi 1994, Mwen se yon evanjelis nan Musoma, Tanzania. Mwen t'ap travay nan direksyon pou agrandisman ministè mwen nan tout peyi a, e menm andeyò Tanzani. Oke, Pastè, mwen pa t ' tandem vwa ou ni ou pa t'ap preche, oswa wè ou fas a fas, men nan tèks ou yo mwen resevwa epi li sou bèle mesaj ou yo tankou "Zo sèch (zosman)," KRIS la ak "Fam Bondye," ekri pa ou menm, Pastè Tony Alamo, pi gran oratè/ konferansye entènasyonal la. Atravè tèks sa yo, mwen vin konnen epi konprann enkyetid prezant ak fiti ou sou legliz la, ki se kè Mesi a. Mwen menm ak kolèg travay mwen yo nan sèvis Seyè a ak nouvo konvèti yo, moun ki te aksepte Mesi a a travè tèks ou yo, nou te fòme yon konfratènite ki rele, kwayan Kominote Legliz la (KKL). Nou swete

fè yon ekstansyon ministè ou a nan Lès Afrik, patikilyèman nan Tanzania, epi avanse ak elaji nan tout ti bouk ki alantou yo. Nou bezwen èd ou, tanpri, Pastè. Si ou kapab ede nou ak gwo opalè/pòtvwa yo, yon jeneratè, osi byen kèk Bib pou nouvo konvèti ak tèks literati pou ansèyman pou reponn ak bezwen nou nan ministè bon nouvèl sa a ak evanjelizasyon natif natal. Atravè sa a, Bondye ap beni ou an abondans. Mwen mande Seyè a pou li beni ministè ou ak soulèvman lavi espirityèl ou pou bon travay sa a ou te fè. Nou apresye, epi rete ap tann repons pozitif ou.

Salye w nan non Kris la,  
O.E.M. Tanzani, Lès Afrik.

## Kalifornia

Chè Pastè Alamo,

Mwen ekri lèt sa a ak pouvwa Sentespri a, ak gwo batay ekipe, kalite zam Bondye bay (Eph. 6:10-17). Dènyèman, ak kwasans espirityèl epi komunikasyon nou ak yon frè nan lame Bondye a, sèten verite ak sekrè nan Bib la te revele pa mwayen Sentespri a. Mwen konnen Bondye ap prepare moun li chwazi yo kounye a, epi mwen te tonbe sou yon paj kote ki gen piblikasyon ou. Mwen dwe di Bondye te fè m ' jwenn tèks literati ou yo nan yon moman kritik kote mwen te bezwen konnen sèten verite. Mwen pi enpresyone pa ministè ou yo. Ou se verite anvan tout koreksyon, se tankou ou se kontra reyèl la, ou di m tout aspè m ta vle tandem nan pwofesi a. Tanpri konte m ' nan manm kongregasyon ou yo epi mete m' sou lis adres postal-ou, se konsa mwen ka grandi nan Sentespri a, konsa m kapab ame mwen ak epe verite Bondye a. Se mwen menm ki nan prizon leta a, konsa pa voye liv po di yo tanpri. Mwen menm mwen pa kapab bay lajan, men mwen ap lapriyè pou gwo ministè ou ka fleri ak etablisman ou konplètman.

Salye w Sensèman,  
B.L., Corcoran, Kalifònia



TMinistè kretyen Tony Alamo Ministè (MC) distribitte bilten-Pastè Alamo nan Repiblik Demokratik Kongo.

## ZEND

Zanmi nou renmen an ak trezò espirityèlman nou frè ak lidè nou, Reveran Tony Alamo

Bonjou ak bonjou, soti lakay frè yo nan peyi Ozend ki nan ministè Kretyen Tony Alamo nan peyi Ozend. Mwen te rejwi epi rekonesan lè mwen te resevwa Bib Bondye a ak kèk lòt tèks literè ki gen ladann, Mesi a. Gwo lapriyè, frè kretyen mwen yo epi mwen te distribye vrè plan sali a bay moun sa yo ki konnen anglè, epi yo t'ap eseye tradwi dirèkteman sa tèks la di a nan lang manman nou pou moun ki pa pale anglè epi k'ap viv nan ti bouk sa yo. Yon gwo kantite moun, otobis ak oto chofè, lekòl segondè, etidyan medsin ak etidyan jeni, travayè ak amplwaye nan faktori, pwofesè yo, ak tout moun ki te resevwa yo ak gwo enterè yo te beni pa mwayen tèks literati yo ki pote plan verite a pou delivrans tout moun. Anpil moun te resevwa Jezikri kòm sovè pèsònèl yo atravè tèks literati ou a nan vil kote nou rete a. Tanpri leve ministè nou nan priyè ou ki gen



*Frè T.R. distribitè liv dinamik, pou sove nanm Pastè Alamo a, KRIS la-Rajahmundry, peyi Zend*

anpil valè. Ak tout Respè, sèvitè ou depi nan jaden rezen li.

Sensèman, nan lafwa

Pastè N.T.

Rampachodavaram Mandal

Lend

tye (Ezayi. 52:13-53:12) debòde ak Konsepsyon sa a, epi mistè a pa te janm rezoud jouk Seyè Jezi "te ofri tèt li pou pase kòm... pechè nan plas nou" (2 Kor. 5:21) epi "li te mouri pou peche nou" (1 Kor. 15:3).

Jewova "te lage sou li peche nou tout" (Ezayi. 53:6). Mesi a se te diven Redanmtè a, tout reyon dife jijman ki te dwe tonbe sou limanite, te tonbe sou li. Ala bél bagay se pouvwa Bondye atravè ranplasman ofrann Mesi a! Se konsa, kwa a te vin tounen, an menm tan, kòm pi gwo imilyasyon pou Kris la, sepandan se pi bél glwa li -se fason li vle pote delivrans bay tout limanite.

Lè Seyè Jezi te vini, li te akonpli tout pwofesi mesyanik yo pa mwayen lanmò ekspyatwa li sou kwa a: "Li menm ki te pote peche nou yo nan kòli sou bwa a" (1 pyè 2:24.).

(10) Kris la t'ap soufri ak volonté li epi san plenyen, Ezayi 53:7:

"Yo te maltrete l', men li menm se besè li bese tèt li ase. Tankou yon ti mouton y'ap mennen labatwa, li pa t' janm louvri bouch li di krik. Wi, tankou yon manman mouton ki pa di krik pandan y'ap taye lenn sou do l', li

(B) Ezayi 53  
(9) Soufrans endirèk Kris la, Ezayi 53:4-6, 8, 10-12:

Se vre wi "Se soufrans nou ta gen pou nou soufri a li t'ap soufri pou nou. Se doulè nou ta gen pou santi nan kò pa nou li te pran sou do l'. Men, se pou peche nou ki fè yo te mete san l' deyò konsa. Se akòz mechanste nou kifè yo te kraze l' anba kou konsa. Chatiman ki te pou nou an se sou li li tonbe. Se konsa li ban nou kè poze. Avèk tout kou li te resevwa yo, li ban nou gerizon.

<sup>1</sup> Diven Orè a fè li enposib pou nenpòt entèlijan oswa ki ap aprann pou elimine doktrin ofrann bét endirèk ki soti nan pasaj sa a ki prezante l' konsa souvan, ak nan fòm yo ki varye epi ki toujou menm bagay la, sa se pou moun ki reyisi nan yon sèl kote yo fose rankontre l' nan yon lòt.

## Depi vennkatrèd tan lapriyè ak enfòmasyon nou an liy:

D.R. depi Bibliyotèk McAlister, Fuller Seminè Teoloji nan Pasadena, California, te rele, li di li te jwenn yon pè bilten atè a epi li li yo. Li te di li renmen yo epi mete l nan lis imèl yo ,Li te di li ta renmen pou nou voye chak bilten ak tout lòt moso tèks literati Pastè Alamo te ekri yo. Li vle gen yon koleksyon tout tèks literati Pastè Alamo yo konsa chèchè ka vin fè rechèch nan bibliyotèk li yo pou aprann plis sou Pawòl Bondye a ak Pastè Alamo. Li te gen anpil eksitasyon sou sa a. Li te di li ta renmen ranpli youn nan bibliyotèk li yo sèlman ak tèks literè Pastè Alamo yo. Li te di Pastè Alamo di bagay la nan fason li ye a.



Pastè Mike Omoasegun avèk kèk nan fidèl li yo reservwa liv literati pou sove nanm- Pastè Alamo a ak Bib vesyon King James Tony Alamo, Ministè Kretyen-Suleja, Nijerya

pa t' janm louvri bouch li di anyen.”

Lòt moun ki ap soufri an jeneral ki enskri ap bougonnen oswa pote plent, espesyalman lè yo enjisteman maltrete-men ki pa menm jan ak soufrans Mesi a. Li te soumèt tèt li volontèman nan travay li nome a “pote peche nou yo”, li te ale Tankou yon ti mouton ki pral labatwa. Nan yon Siblim ak pwofon silans Mesi a te kenbe jouk sa kaba, paske Jewova te vle l'. Epi la, nou ap gade anba nan mistè lanmou ensondab li ki p'ap janm fini.

Nan Nouvo Testaman an, lè yo te bat Jezi Kris la, bay manti akize li, maltrete l', pase l' nan rizib /moke li, krache sou li, pèsekite l', tire boulèt sou li, pouse l', bat li, ak klosure li sou kwa a, pa t' gen okenn apèl resantiman ki te fèt, pa t' gen enkriminasyon kont bouro yo, pa t' gen okenn plenyen fò, men yon lapriyè.

Apre anpil manti yo fè sou li, gran-prèt la te di, “Ou pa reponn anyen? ... Men, Jezi pa louvri bouch li” (Matye 26:59-63).

Men, lapriyè Jezi te fe pandan l'ap soufri sou Kwa: “Papa, padone yo; paske yo pa konn sa y'ap fe” (Lik 23:34).

Pwosedi sa a si tèlman ra, bagay ki kontrè ak lanati ak eksperyans imen, okenn moun pa t ka ede li men li te chokan, sezi, pa de pwofesi etranj sa yo epi evènman ki pi remakab.

**(11) Lè yo te arete li, mennen li nan jijman, Kris la pa t' gen okenn AVOKA pou Defann kòz li a, pa gen okenn zanmi ki te deklare inosans li, Ezayi 53:8:**

“Li te soti nan prizon ak nan jijman: ki moun ki pral pran ka li?”

Manm Gran Konsèy jwif la te gen koutim fè “ ki se esè pou lavi yon nonm “ yo rele yon moun ki te konnen bagay an favè akize a vini epi deklare li.Men, sa pa t' obsève nan pwosè Jezi, moun Nazarèt la, men, okontrè pwosedi yo se te yon similak, Moke li devan Gran Konsèy la ki te an flagran kontradiksyon avèk pwòp

règleman yo, epi kont tout estanda dwa ak jistis san patipri.

Jezi te gen pou l' parèt pou kont li epi san defansè devan yerachi kowon-pi Jwif la ak reprezantan pi gwo moun lòt nasyon ki te gen pouvwa sou latè nan tan sa a. **Pa t' gen yon sèl moun ki te parèt pou defann li.** Jida te trayi li; Pyè te nye sèman li te fè; epi Men, tou sa rive pou sa ki ekri nan liv pwofèt yo ka rive vre. Lè sa a, tout disip yo kite l', yo pran kouri. “(Matye 26:56). Te gen anpil fanm la tou ki te ansan avè l', pandan ministè li, sèvi l', men yo te kanpe [byen] Iwen ap “gade [lè li te kloure sou kwa a] “ (Matye 27:55). Se moman sa a li te nan pi gwo bezwen, imènman ap pale, PA T' GEN MENM YON MOUN ki te kanpe ave l'. Se vre, pita, apre tout tan soufrans li ,kò l' te angoudi, Mari, manman li, ak kèk lòt fanm fidèl, ak Jan disip li te renmen anpil la, “te vin kanpe bò kote”

(Kontinye nan paj la 6)

24 èd tan lapriyè ak enfòmasyon sou entènèt: (661) 252-5686

## MESIA

(Kontinite nan rès paj la 5)

kwa a; men pandan jijman li ak depi byen bonè nan Krisifiksyon li a, Li te rete pou kont li-absoliman pou kont li. Sa pa t' janm mansyone nan istwa lemond kote bon zanmi ak moun ki renmen l' yo te konplètman vire do ba li tankou sa Jezi twouve li.

Jezi te arete, se pa t' pa pwòp ofisyèl li yo, men se te pa yon foul, ak kroud: "yon gwo foul moun ak epe epi baton, ki te resevwa lòd nan men chèf prêt yo ak ansyen chèf fanmi" (Matye 26:47). Menm Jezi te fè kòmantè sou enkonsistans fason yo te apwòche: "-Nou vini tankou brigan ki vini dèyè volè ak nepe epi baton pou pran m? Chak jou mwen te chita nan tanp la avèk nou ap anseye, nou pa t' janm arete m'. Men, tou sa te rive pou sa ki te ekri nan liv pwofèt yo ka akonpli "(Matye 26:55-56).

Fo temwen yo t'ap chache pou bay fo temwayaj kont li "pou yo te ka kondane l amò" (Matye 26:59), epi li te jije nan mitan lannwit, sa ki te ilegal.

Nan tribinal Women an, lè Pilat t'ap chache pou jwenn yon kòz pou kondane li selon lajistik li pa t' ka jwenn, li te mande pèp la, "ki move zak li fè konsa?" Sèlman repons li te jwenn ki pa t' rezonab nan men foul la ki tap rele byen fò, yo tout te ensiste pa lidè yo, "Se kloure l' sou kwa... se pou l' kloure sou kwa" (Matye 27:23). Lè sa a, Lè Pilat wè li pa jwenn mo epi anyen ki ka eksplike rezon selon lajistik pou kondane Jezi epi foul la t'ap rele pi fò, paske pèp la te soti pou l' te fè plis dezòd toujou, li "kouri" lave men l'nan zafè a epi remèt Jezi ba yo pou kloure l' sou kwa a (Matye 27:22-26). Sa a se te pi gwo enjistik ki make nan tout listwa.

Men, inosans Kris la pa te si tèlman Ateste Pilat li te di" Mwen pa wè rezon pou m' kondane l' " (Jan 19:6)-, men tou sa ki soti nan bouch ansyen pwofèt mesyanik la: " Li pa t' janm fè okenn krim, li pa t' janm kite manti soti nan bouch li " (Ezayi. 53:9).

Kontinye nouvo biltén nan volim. 06100

## Zanbi

Chè Pastè Tony Alamo,

Mwen trè kontan ekri ou lèt sa a. Kouman ou ye, Pastè? Mwen espere pa favè Bondye ki gen tout pouwva, ou byen. Mwen li Bilten nouvèl Mondyal ou a,"Lidè ak fab yo," Bondye pèmèt mwen vini nan gwo mirak li. Apre m fin li l, mwen te beni anpil, e mwen te anvi ekri ou.Mwen di ou mèsi pou bél mesaj sa yo ki rive jwenn menm moun ki te pèdi epi ki pa t' sove yo se konsa Mesi a ta ka etabli nan lavi yo. Atravè tèks literati ou yo, anpil moun te rive jwenn Mesi a, e yo te delivre anba grif dyab la. Se pou Bondye beni ou ekonomikman, fizikman ak espirityèlman.

Pastè, mwen se yon jèn dam, marye depi senkan. Mwen te bay Jezi Kris lavi m ' sa fè dezan, epi Seyè a te gen pitye pou mwen. Mwen gen yon vizyon pou m' anonse bon nouvèl la Jezi Kris la bay tout lòt moun. Kòm fanm nan Afrik, nou te mare nan chenn pou kèk syèk akoz pwoblèm mit tradisyonèl, se konsa mwen reyèlman vle bay tèt mwen pou Seyè a. Pastè, Mwen bezwen Bib, liv, jounal, mesaj Bondye a sou odyo, ak plis tèks literè ki ap ede m ' ale ak temwayaj pou sove nanm pèdi yo. Finalman, mwen ta ren-

men mande ou materyèl pou etid biblik ak chante sou odyo.

Salye w nan Kris la,

L.M.

Isoka, Zanbi

Chè Pastè Tony Alamo,

Bonjou, kontantman ak senserite mwen salye w nan non Seyè nou an Jezi Kris. Mwen di Bondye mèsi pou lavi ou ak fason li te planifye pou itilize ou pou pi byen gaye pawòl la konsa li te kapab rive nan tout kote nan mond lan konsa lavi anpil moun te kapab sove. Pastè Alamo: Seyè, mwen te yon payen anvan m te delivre anba sa ki mal pa kamarad travay mwen yo, epi lè mwen li mesaj ou a nan bilten an, li ranje kè m ' kòrèkteman, e mwen kwè Bondye ap chanje lavi m. Mwen byen vit konprann Bondye vle nou penetre tèt nou pou viv selon jistis li. Pastè Alamo, Mwen ap mande ou youn oubyen de Bib nan lang anglè pou zanmi mwen epi mwen kapab li Pawòl Bondye a ki gen tout pouwva. Se pou kè poze, Seyè nou an, toujou avè ou ansanm avèk lesspri ou. Mwen di ou mèsi anpil pou jantiyès ou epi pwofon refleksyon moun sa yo ki reponn demann yo. Mèsi.

G.N. Kitwe, Zanbia

## Meksik

Meksik

Byen-apresye Pastè Alamo,

Tèks literati ou te rive menm nan plas mwen menm mwen ye, ki gen mesaj trè enteresan ak temwayaj depi diferan kote nan mond lan. San dout, Bondye ap itilize ou fòtman pou Mesaj Sali a kapab rive kote chak moun ki se sa. Mwen te nan prizon pou sèt ane edmi pou transpòtasyon marigwana. Pandan de dènye ane yo isit la, Bondye te manifeste li menm menm nan egzistans mizerab mwen yon fason vrèman ekstraòdinè. Mwen espere yo dwe lage m ane sa a, epi mwen ta renmen konnen si ou kapab voye liv ou a pou mwen, MESI a ak lòt tèks literè ki ta kapab ede pou konvèsyon pitit gason mwen yo.

M.A.

Monclova, Coahuila, Meksik

## Gana

Bon zanmi ak Chè Pastè m,

Mwen te tèlman kontan paske ou te voye ban mwen bilten ou yo. Mwen te gen yon bwat bilten ou semèn pase a. Chè, sèvitè Seyè a, moun yo te tèlman ap li kontni yo. Zanmi nou yo nan bouk la, moun nou toujou pataje kado epi vizite yo pou fè reyinyon lapriyè, yo te tèlman gen dezi pou li yo epi kèk nanm t'ap reviv nan lekti lòt moun yo t'ap fè. Nou si tèlman kontan epi pou nou sipliye w mete nou sou lis adrès postal-ou pou voye materyèl levanjil yo pou nou. Nou bezwen kèk Bib, tèks literati ou yo, e nou ap kontan resevwa ansèyman/fòmasyon ki soti nan ministè ou. Nou priye pou ou, pitit gason ou renmen anpil la, Sion, ak tout moun ki ap travay avèk ou nan ministè ou. Se pou Bondye beni w an

## Nijerya

Chè Pastè,

Bonjou nan non Seyè Jezi Kris la. Amèn. Bilten ki sot pase yo ou te voye pou mwen yo gentan distribiye, epi mwen te sezi anpil wè chanjman li pote nan lavi moun yo, epi yo pwomèt pou sèvi Seyè a, ak tout kè yo, epi kèk nan yo pwomèt pou yo ekri ou. Mwen ta renmen mande w 25 kopi liv ki gen tit, Mesi a, ak 150 nan diferan bilten ou yo, kèk Bib, ak nenpòt lòt tèks literati ki ap rive ede m nan distribisyon evanjelizasyon m' ak pou zanmi m yo, manm fanmi yo ak lòt moun ki enterese ki vle konnen plis sou Seyè Jezi Kris la. Mwen vrèman vle yonn nan minis ou k'ap travay isit la nan Nijerya. Mwen vle konnen kisa sa mande. Mwen te wè men Bondye sou lavi ou ak ministè ou, epi mwen ta renmen tiyo onksyon epi gras ki sou lavi ou ak ministè ou. M'ap tann ak esperans epi m ta renmen tandem vwa ou epi resevwa nouvèl ou.

Salye w nan non Seyè a,

R.M.

Port Harcourt, Nijerya

abondans. Premyèman nenpòt jan sa ye priye pou nou. Lapriyè deplase ponyèt Bondye pwisan ki gen tout pouwva a. San lapriyè, n'ap sèlman "ap vire tou won." Tanpri, lapriyè pou elèv volontè nou yo, ki se moun ki ale nan ti bouk ki byen lwen ak mòn yo pou fè travay Seyè a. Priye pou yo gen kouraj, ak konfyans ak lanmou. Se pou Lespri Bondye a, Seyè a se gid epi lidè ou. Se pou li sonje beni ou richman. Nou priye Bondye pou ou gen lavi ki long, lapè ak pwosperite.

Nou Renmen ou nan lanmou Kris la,  
A.S. Accra, Gana

Chè Pastè Tony,

Mèsi paske w voye pou mwen liv ou a ki gen tit, KRIS la, plis pase dis bilten. Materyèl yo sansibilize espirityèl ak yon nouvo zèl pou travay

Bondye a nan lavi mwen. Mwen te bay kèk bilten ak zanmi kretyen ki te grandi ak lafwa yo rafredi nan Bondye, epi lè mwen te vizite yo, yo tout eksprime gwo kontantman, yo tout te vle reviv nan Lespri Bondye a epi yo t'ap fè sa ki byen kòm rezulta li bilten ou yo. Moun sa yo grangou pou bilten ou yo, konsa voye pou mwen anviwon 150 bilten ak kèk Bib pou nouvo konvèti ki nan nesesite pou li seryezman. Mwen kontan ou ap voye yo ban mwen. Mèsi pou rich ansèyman Pawòl Bondye a ou te vrèman fidèl pou bay li. Se pou Bondye ki gen tout pouwva a kontinye beni nou. Lafwa deplase montay. Pitit fi ou nan Kris la,

T.O. Koumasi, Gana

Chè Pastè,

M'ap voye salitasyon depi nan tout wout nan Gana. Apre mwen fin li tèsk literati ki rele, Mesi a,

## Togo

Zanmi m'nan Kris la,

Nou trè kontan resevwa lèt ou a. Nou trè kontan pou tèks literati a ou te voye. Bondye te reyèlman ap fè travay li ak li. Nou te genyen apeprè 15 nanm ki te vin jwenn Kris la pa mwayen ti liv ou epi nou ap priye pou Bondye beni nou toutan abondans.

Pou CD nou pral bezwen yo, Bib pou nouvo konvèti yo. Jan bagay yo ye kounye a nou pa kapab peye yo. Se yon peyi ki trè pòv.

Nou ap tann pou resevwa CD yo ak Bib pi devan pou kwazad nan Pak la.

Rete beni nan non Jezi, Amèn.  
Rev Henry James Lome, Togo

Mwen trè kontan pou m di ou mwen gen dezi finalman aksepte Jezikri kòm sovè pèsonèl mwen, Li te vini e li te mouri sou kwa a pou mwen. Fòmèlman, mwen te nan mond lan mwen pa t'konnen Bondye, ni m pa t'konnen anyen sou Pitit li, Mesi a, men apre m fin li nan tèks literati ou, kounye a m konnen mwen te pèdi men kounye a mwen sove, mwen te nan fènwa, men, Bondye sèl Mèt la te mennen m'nan limyè. Se poutèt sa mwen fèt-yon dezyèm fwa m se kretyen, e mwen se pitit gason Bondye vivan an. Kòm kounye a, Mwen pa gen okenn Bib, si l' posib, voye youn pou mwen, epi tou ti liv ou a ki gen pou tit, Mesi a. Si ou vle ou mèt voye pou mwen nenpòt lòt liv ki ka ede m'konnen Bondye pi byen, mwen ap apresye sa. Kounye a mwen prale legliz pannkotist nan Koforidua. Se pou Bondye sèl Mèt la beni ou richman pou bon travay ou ap fè.

Ou fidèlman,

D.F. Koforidua, Gana

# TEMWAYAJ TONY ALAMO

(Kontinite nan rès paj la 3)

genyen batay la” nan Jezi Kris,<sup>28</sup> e nou “konplètman kache nan li.”<sup>29</sup> Epi tou, mwen konnen kijan li trè enpòtan pou swiv tout pawòl Jezi, ki te di, tan anvan Asansyon li pou ale nan syèl la nan nwaj yo, “Ale nan toupatou sou latè, anonse Bon Nouvèl la bay tout moun.”<sup>30</sup> (preche chak zo sèch, moun ki espirityèlman mouri pou yo ka “tande sa Seyè a di.”<sup>31</sup>)

“Sa ki kwè epi ki resevwa batèm nan va sove; Men, moun ki pa kwè va kondane.”<sup>32</sup>

Si w tankou mwen epi w pa ta renmen kondane, men pito delivre, ou kapab fè priyè sa a ak Bondye:

**Seyè mwen, Bondye mwen, gen pitye pou nanm mwen, mwen se yon pechè.**<sup>33</sup> Mwen kwè Jezikri se Ptit Bondye vivan an.<sup>34</sup> Mwen kwè li te mouri sou kwa a koule san li ki chè pou padon tout fòm peche mwen te fè yo.<sup>35</sup> Mwen kwè Bondye te leve Jezi soti vivan nan lanmò pa pouvwa Sentespri a,<sup>36</sup> e kounye a li chita bò dwat Bondye ap tande

konfesyon peche mwen yo ansanm ak priyè sa a.<sup>37</sup> mwen louvri pòt kè m’, mwen envite ou antre nan kè m’, Seyè JEZI.<sup>38</sup> Lave tout peche ak bagay sal mwen yo nan san presye OU ki koule nan plas mwen sou kwa a nan mòn Kalvè.<sup>39</sup> Ou p’ap vire do ban mwen Seyè Jezi; OU va padone peche m yo, epi sove nanm mwen. Mwen konnen paske pawòl ou, Bib la, di l konsa.<sup>40</sup> Pawòl ou di ou p’ap vire do bay okenn moun, e mwen menm tou.<sup>41</sup> Se poutèt sa, mwen konnen ou te tande m’, mwen konnen ou te reponn mwen, mwen déjà konnen m sove.<sup>42</sup> Epi, mwen di ou mèsi, Seyè Jezi, paske ou sove m’, epi mwen pral montre rekonesans mwen pou m fè sa ou mande mwen fè yo epi pa janm fè peche ankò.<sup>43</sup>

Apre delivrans, Jezi di pou resevwa batèm, totalman koule nan dlo, nan non Papa a, Ptit la, ak Sentespri a.<sup>44</sup> Avèk dilijans mwen Etidye Bib KJV a, epi fè sa li di.<sup>45</sup>

Seyè a vle ou di lòt moun jan li sove ou. Ou ka vin yon distribitè tèks Levanjil Pastè Tony Alamo a. Nou pral voye ba ou tèks yo gratis. Rele

oswa voye imèl ba nou pou plis enfòmasyon. Pataje mesaj sa a avèk lòt moun.

Si ou vle mond lan sove, jan Jezi te di, konsa, pa volè Bondye nan dim ak ofrann yo. Bondye di, “yon moun ki volè Bondye? Men wi, nou te volè m. epi, n’ap plede di kote nou volè? Nan Dim ak Ofrann. Ou gen madichon! Ak yon malediksyon, paske nou te volè m’, menm jan ak tout nasyon [ak lemonn antye]. Pote tout dim yo [yonn nan chak dis, se 10% nan revni brit ou] nan rekòt la, konsa va gen vyann [manje espirityèl] lakay MWEN [nanm sove], epi mete MWEN a leprèv koulye a, di: Seyè ki gen tout pouvwa a, pou wè si mwen pa pral louvri fenèt ak pòt syèl la, pou vide benediksyon sou nou, jis nou pa gen ase espas pou resevwa li. Apre sa, mwen pral regle avèk devoran an, poutèt nou inosan, epi li p’ap janm ka detwi fwi ki nan tè nou; Konsa, li p’ap janm kite fwi pye rezen an tonbe anvan lè nan jaden an, se sa Seyè ki gen tout pouvwa a di. Epi, tout moun sou latè va rele nou beni, paske nou pral tounen yon peyi ki ere, se sa Seyè ki gen tout pouvwa a di. “(Malachi 3:8-12).

28 Rom. 8:37, 1 Jan 4:3-4, 29 Kolos 2:10, 30 Mak 16:15, Lik 14:23, 31 2 Wa 20:16, Ezayi. 1:10, JER. 2:4, Ezekiyèl. 37:4, 32 Mak 16:16, 2 Tes. 2:12, 33 Sòm.51:5, Rom. 3:10-12, 23, 34 Mat. 26:63-64, 27:54, Lik 1:30-33, Jan 9:35-37, Rom. 1:3-4, 35 Travay 4:12, 20:28, Rom. 3:25, 1 Jan 1:7, Rev. 5:9, 36 Sòm. 16:9-10, Mat. 28:5-7, Mak 16:9, 12, 14, Jan 2:19, 21, 10:17-18, 11:25, Travay 2:24, 3:15, Rom. 8:11, 1 Kor. 15:3-7, 37 Lik 22:69, Travay 2:25-36, Heb. 10:12-13, 38 1 Kor. 3:16, Rev 3:20, 39 Efez. 2:13-22, Heb. 9:22, 13:12, 20-21, 1 Jan 1:7, Rev. 1:5, 7:14, 40 Mat. 26:28, Travay 2:21, 4:12, Efez. 1:7, Kolos 1:14, 41 Mat. 21:22, Jan 6:35, 37-40, Rom. 10:, 42 Heb. 11:6, 43 Jan 5:14, 8:11, Rom. 6:4, 1 Kor. 15:10, Rev 7:14, 22:14, 44 Mat. 28:18-20, Jan 3:5, Travay 2:38, 19:3-5, 45 Detewonòm. 4:29, 13:4, 26:16, Jozye. 1:8, 22:5, 2 Tim. 2:15, 3:14-17, Jak 1:22-25, Rev 3:18

*Tanpri kontakte nou pou plis enfòmasyon oswa pou tèks literati sou lòt tèm ki ka entèrese nou.*

**Tony Alamo, World Pastor, Tony Alamo Christian Ministries Worldwide • P.O. Box 2948, Hollywood, CA 90078**

**Vennkatrèd tan lapriyè ak enfòmasyon an liy: (661) 252-5686 • Faks (661) 252-4362**

**www.alamoministries.com • info@alamoministries.com**

*Tony Alamo Ministè kretyen atravè lemond bay yon plas pou viv ak tout sa ki nesesè pou lavi a ak nepòt moun ki twouye yo nan Etazini ki reyèlman vle sèvi Seyè a ak tout kè yo, nanm yo, tèt yo, ak tout fòs yo.*

**Nou gen Sèvis ki fèt nan Vil New York chak madi a 8 PM ak kèk lòt kote chak swa. Tanpri rele (908) 937-5723 pou plis enfòmasyon. Nou BAY MANJE apre chak SÈVIS.**

*Mande pou liv Pastè Alamo a, Kris la, ki montre KRIS soti nan Ansyen Testaman an parèt aklè nan anviwon 333 pwofesi.*

*Vin yon travayè nan rekòtle nanm pandan w ‘ap vin tounen yon distribitè tèks literati Pastè Alamo a. Tout tèks literati ak mesaj odyo pou tout moun, avèk frè transpò gratis.*

*Si yon moun ap eseye fè ou peye pou yo, tanpri rele nou nan nimewo sa a. (661) 252-5686 apèl yo gratis.*

**Tèks Literati sa a pote vrèman PLAN Sali a (Travay 4:12).Pa voye l’ jete, pase l’ bay yon lòt moun.**

**Pou ou menm ki nan lòt peyi, nou ankouraje w’ tradwi tèks literati sa a nan lang natifnatal ou.**

**Si ou refè empresyon, tanpri mete dwa sa a ak enskripsiyon ki rezèvè:**